

Odyans Anyèl sou Kontra pou Ekselans 2025-2026

Lwa eta a egzije DOE pou voye yon kontra pou ekselans pou ane lekòl 2025-2026 la. Kontra pou ekselans lan bay enfòmasyon sou fason yo pral itilize kèk nan èd Leta pou aktivite yo chwazi ki la pou amelyore siksè elèv, pandan yo fokis sou elèv ki gen pi gwo bezwen nan edikasyon.

Kontra pou ekselans lan dwe devlope atravè yon pwosesis piblik, ki dwe gen ladan yon odyans piblik ki fèt chak kote nan Vil Nouyòk. Anplis de sa, reyinyon piblik yo dwe fèt nan chak distri kominotè ki gen rapò avèk kontra espesifik distri a.

Dapre chanjman yo te fè nan Lwa Eta a an 2022, 2023, ak 2024, kontra pou ekselans DOE a dwe genyen tou yon plan pou diminye kantite elèv nan salklas yo, apati mwa septanm 2023. DOE dwe voye kopi bouyon kontra a bay Eta a pou revizyon preliminè nan de semèn depi pwosesis piblik la fini, apre li fin analize kòmantè piblik yo resevwa konsènan plan yo pwopoze a.

Orè odyans borough yo

Odyans yo ap fèt sou ZOOM. Y ap kòmanse a 6:00pm.

Y ap pibliye enskripsyon pou chak aktivite yo sou sitwèb sa a nan jou aktivite a ap fèt la: <https://infohub.nyced.org/reports/financial/contracts-for-excellence/c4e-2025-2026-annual-hearings>. Sal reyinyon vityèl la ap louvri inèdtan avan reyinyon an kòmanse pou pèmèt manm piblik la enskri pou fè kòmantè.

Bronx – Mèkredi 4 jen 2025

Manhattan – Madi 10 jen 2025

Staten Island – Mèkredi 4 jen 2025

Queens – Jedi 12 jen 2025

Brooklyn – Lendi 16 jen 2025



Ou ka voye kòmantè yo pandan odyans lan oswa ou ka voye yo pa imèl nan ContractsForExcellence@schools.nyc.gov.

Delè pou piblik la voye kòmantè se 8 jiyè 2025.